BAB III
MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab bakal dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber jeung data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtikan novel barudak dina sastra Sunda (tilikan struktural, aspék sosiologi, jeung ajén atikan karakter) digambarkeun dina desain panalungtikan sakumaha bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



Dina ngalakukeun panalungtikan perelu pisan ayana métode minangka léngkah gawé panalungtik pikeun nyingkahan salah paham dina ngaréngsékeun masalah.

Métode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan kitu numutkeun Arikunto (1996, kc. 150). Sacara gurat badag métode nu biasa digunakeun dina panalungtikan téh nya éta métode historis, métode déskriptif, jeung métode ékspériméntal.

Métode panalungtikan mangrupa cara anu dipilih ku panalungtik ku cara tinimbangan wangun, eusi, jeung sifat minangka subjék ulikan. Métode panalungtikan dibagi jadi dua bagian di antarana nya éta métode panalungtikan kuantitatif jeung métode panalungtikan kualitatif.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik milih métode panalungtikan kualitatif. Numutkeun Sugiono (2014, kc. 1) métode panalungtikan kualitatif mangrupa métode panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik dina kondisi alamiah, dimana panalungtik salaku instruménna, téhnik nngumpulkeun data dilakukeun sacara tringulasi (gabunga), analisis data sipatna induktif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana ma'na ti batan generalisasi. Kalayan pidangan data anu déskriptif nyaéta mangrupa métode anu ngungkulan pasualan ku cara ngumpulkeun, nyusun, atawa milah-milah, dipasing-pasingkeun, analisis sarta nafsirkeun data..

Unsur-unsur anu didéskriptifkeun dina ieu panalungtikan téh nya éta Struktur carita anu diulik dina ieu panalungtikan nyoko kana tema jeung fakta carita (galur, palaku, jeung latar). Aspek sosiologi anu diulik nyoko kana status sosial, prosés sosial, jeung paripolah sosial. Ari ajén karakter anu diulik nyoko kana catur tunggal watak (olah hati, olah pikir, olah raga jeung kinestetik, sarta olah rasa jeung karsa).

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data ieu panalungtikan nya éta struktur carita, aspék-aspék sosiologis, jeung ajén-ajén atikan karakter dina téks novel barudak. Struktur carita nu diulik nya éta téma jeung fakta carita (galur,palaku, jeung latar), aspék-aspék sosiologi nu diulik ngawengku:

(1) Status Sosial
(2) Prosés Sosial

(3) Paripolah/ Sikep Sosial

Ari ajén-ajén atikan karakter nu diulik nyoko kana catur tunggal watak, nya éta:

(1) olah hati,

(2) olah pikir,

(3) olah raga jeung kinésik, sarta

(4) olah rasa jeung karsa.

Sumber data anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta novel barudak (1) *Rasiah Kodeu Binér* karangan Dadan Sutisna, (2) *Carita Nyi Halimah* karangan Samsoedi, jeung (3) *Kasambet* karangan Ki Umbara.

a. Novel *Rasiah Kodeu Binér* karangan Dadan Sutisna

Judul Buku : Rasiah Kodeu Binér

Pangarang : Dadan Sutisna

Pamedal : PT. Kiblat Buku Utama

Taun Medal : 2012

Jumlah Kaca :108 kaca

Ukuran buku : 21 cm x 15 cm

Ieu novel mangrupa salah sahiji karangan Dadan Sutisna, salian ti sababaraha karya séjénna kayaning *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* jeung *Mistéri Haur Geulis.* Dadan Sutisna nya éta sastrawan Sunda anu gumelar di Sumedang, 22 Pébruari 1978. Mimiti ngarang ti keur SMP kénéh, dimuat dina kalawarta *Kudjang.* Réréana mah nulis capon, tapi kungsi deuih nulis novel, drama Sunda, *feature,* jeung artikel, kungsi dimuat dina *Manglé, Galura, Cupumanik, Pikiran Rakyat, Kompas, Republika,* jsté.

Karanganana geus réa nu dilélér hadiah. Sababaraha kali meunang Hadiah Sastra LBSS, Hadiah D.K Ardiwinata, Hadiah Jurnalistik Moh. Koerdi, *Carpon Pinilih* Majalah *Manglé,* jeung sawatara hadiah tina rupa-rupa pasanggiri. Taun 2002, 2004, jeung 2011 dilélér Hadia Samsoedi ti Yayasan Kabudayaan Rancagé pikeun buku bacaan barudak *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* (Djatnika, 2001), *Mistéri Haur Geulis* (Kiblat, 2003), jeung *Rasiah Kodeu Binér* (Kiblat, 2010). Ti taun 2002, aktif dina organisasi Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda.

Taun 2008, Dadan milu jadi tim nu marajia gelarna *Unicode Aksara Sunda*, minangka tarékah pikeun maténkeun éksisténsi aksara Sunda di tingkat internasional, nepi ka aksara Sunda jadi salah sahiji aksara standar nu bisa dipaké dina komputer jeung dunya téhnologi informasi.

Lian ti nulis karya sastra Sunda, Dadan ogé ulis buku-buku komputer deuih. Nu geus medal di antarana *7 Langkah Mudah Menjadi Webmaster* (Médiakita, Jakarta, 2007), *Belajar Mudah Menggunakan Internét* (Kibat, 2007), *Jurus Profesional Membangung Apikasi Web* (2010), *Internet Untuk Pendidikan* (2010).

Novel Rasiah Kodeu Binér nyaritakeun kisah sosobatan antara Rina, Diran, Anis, jeung Emod. Ieu carita dimimitian nalika Diran manggih amplop di gudang imah anyarna. Éta amlop téh eusina salembar keretas anu pinuh ku béréndéan angka hiji jeung enol. Diran ngarasa yén éta amplop téh mangrupa surat anu penting. Diran ngabéjaan Rina katut dua sobatna Anis jeung Emod ngeunaan éta surat. Sanggeus diilikan éta surat téh, opatanana panasaran hayang manggih harti éta angka, anu disebut kodeu binér téa. Tapi pikeun ngungkab éta kodeu binér téh, maranéhna ku adu hareupan jeung jalma-jalma anu keur néangan éta kodeu. Rupa-rupa kajadian karandapan ku opatanana, malah kungsi Emod leungit lantaran dibawa ku jalma anu néangan éta kodeu.

Kakuatan tina ieu novel nya éta digambarkeun kaayaan sosial ti masing-masing tokoh. Sanajan kaayaan sosialna béda-béda, unggal tokoh miboga karakter-karakter anu hadé.

b. Novel *Carita Nyi Halimah* karangan Samsoedi.

Judul Buku : Carita Nyi Halimah
Pangarang : Samsoedi
Pamedal : PT. Kiblat Buku Utama
Taun Medal : 2012
Jumlah Kaca :102 kaca
Ukuran buku :21 cm x 15 cm

Ieu novel munggaran karangan Samsoedi anu medal taun 1928 ayeuna dipindo citak ku *Séri Girimukti Kiblat Buku Utama*. Samsoedi (Bandung, 1899-Bandung, 9 Méi 1987) lain baé ukur boga kaahlian dina ngarang carita, tapi deuih tapis dina ngagambar jeung nyanggi lagu. Samsoedi téh pangarang Indonésia unggaran anu ngahususkeun diri nulis carita barudak. Karyana winangun basa lancaran, lain wawacan sakumaha anu dina jaman harita popilér dina sastra Sunda.

Satamatna ti Sakola Guru (1917), langsung baé dijenengkeun jadi guru Bantu di Tangerang, meunang genep taun. Waktu keun mancén tugas di dinya, Samsoedi sok milu ngabantu-bantu di Penjara Kanak-kanak Tangerang. Taun 1923 dipindahkeun gawé ka Bandung. Tujuh taun ti harita, pindah deui ka Jakarta, lantaran pindah gawé jadi rédaktur Balé Pustaka, tepi ka gubragna jaman pendudukan Jepang.

Dina jaman sanggeus merdéka, Samsoedi ngarang dina basa Indonésia, *Pasundan*, 1949. Ari karyana dina basa Sunda, *Pangéran Dipenagara*, medal taun 1956. Pleng lila teu nulis-nulis aya kana likurna taun. Taun 1979, medal *Kisah Syafé'i Sumarja,* dina basa Indonésia. Saterusna dina taun 80-an meda *Minah dan Imron* (1980) jeung *Kisah Mandor Hutan* (1983). Ari anu dina basa Sunda nya éta *Si Bohim jeung Tukang Sulap* (1980). Ti taun 1993, ngaran Samsoedi diabadikeun jadi ngaran hadiah sastra pikeun buku bacaan barudak dina basa Sunda.

Novel *Carita Nyi Halimah* ngalalakonan katawekanan budak awéwé anu katalangasara. Indung-bapana anu asalna beunghar jadi jelema masakat. Basa bapana diasupeun ka pangbérokan alatan pitenah deungeun, indungna kagegeringan nepi ka hanteuna pisan. Saterusna Nyi Halimah cicing di ninina bari digawé di imah Nyonya Linn. Basa kapanggih metik kekembangan di kebon pipireun gedong dununganana, manéhna disiksa ku Nyonya Linn nepi ka asa bubuk huluna, getih tina sirahna nyarakclakan kana bajua. Waktu keur nyekar di kuburan indungna, manéhna kapanggih ku tuan nu keur bebedil, tuluy diajak gawé di imahna. Ti harita manéhna teu kendat-kendat meunang rupa-rua cocoba anu kacida beuratna, nepi ka ngalaman diasupkeun ka pangbérokan sagala rupa.

3.3 Téhnik jeung Instrumén

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ratna (2011, kc. 39) nétélakeun yén panalungtikan sastra dina dasarna ngamangpaatkeun dua wanda panalungtikan, nya éta panalungtikan lapangan jeung perpustakaan. Pikeun nyangking gambaran sacara gembleng ngeunaan objék panalungtikan, dina ieu panalungtikan téhnik studi literatur. Ngaliwatan ieu téhnik, panalungtik narékahan nyangking data-data anu dibutuhkeun minangka landasan ngeunaan inti masalah panalungtikan nu dilakukeun ku panalungtik ngaliwatan buku-buku nu rélevan, tanpa nyapirakeun sumber data séjénna, sarta tanpa ngajadikeun literatur minangka hiji-hijina sumber data.

Téhnik anu digunakeun panalungtik dina ieu panalungtikan nya éta Studi pustaka. Ieu téhnik dipaké pikeun ngumpulkeun data tina bahan-bahan tinulis. Data-data nu digunakeun nya éta struktur carita, aspék sosial, jeung atikan karakter nu aya dina kalimah atawa alinéa tina novel barudak *Rasiah Kodeu Binér* karangan Dadan Sutisna jeung *Carita Nyi Halimah* karangan Samsoedi.

Prosedur ngumpulkeun data téks anu ngandung gambaran sosial jeung ajén-inajén atikan karakter dilakukeun ngaliwatan ieu léngkah-léngkah di handap:

a. Nangtukeun sumber data ngeunaan novél barudak *Rasiah Kodeu Binér* karangan Dadan Sutisna jeung *Carita Nyi Halimah* karangan Samsoedi;
b. Nyieun gambaran sosial jeung ajén-inajén atikan karakter dina novél barudak *Rasiah Kodeu Binér* karangan Dadan Sutisna jeung *Carita Nyi Halimah* karangan Samsoedi;
c. Nyalin kalimah atawa alinéa ngeunaan aspék sosial jeung atikan karakter tina novel kana kartu data;
d. Ngodeuan data nu mangrupa kalimah atawa alinéa minangka catetan tina novel.

3.3.2 Téhnik Analisis Data

Analisis data novél barudak dilakukeun ngaliwatan niténan kana idéntitas kecap anu ngabentuk éta novél barudak. Data diolah maké téhnik distribusional jeung analisis unsur langsung. Upaya panangtu anu dipaké dina ieu karangka

gawé nya éta unsur novél barudak, nu mangrupa sruktur carita, aspék-aspék sosial jeung ajén atikan karakter.

Léngkah-léngkah ngolah data anu dilakukeun panalungtik dina ieu panalungtikan nya éta :

a. Niténana deui data aspék sosial jeung atikan karakter nu geus dikumpulkeun tina novél barudak *Rasiah Kodeu Binér* karangan Dadan Sutisna jeung *Carita Nyi Halimah* karangan Samsoedi;
b. Nyieun papasingan data novel barudak dumasar kana struktur carita, aspék sosial jeung ajén atikan karakter.
c. Ngaanalisis data novel barudak *Rasiah Kodeu Binér* karangan Dadan Sutisna jeung *Carita Nyi Halimah* karangan Samsoedi.
d. Ngadéskripsikeun struktur carita, gambaran sosial jeung ajén-ajén atikan karakter nu aya dina novel barudak *Rasiah Kodeu Binér* karangan Dadan Sutisna jeung *Carita Nyi Halimah* karangan Samsoedi; jeung
e. Nyieun kacindekan tina hasil analisis.

3.3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat-alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngolah, ngaanalisis sarta ngainterpretasikeun sagala informasi anu ditarima. Dina panalungtikan kualitatifna sorangan nu jadi instrumén nya éta panalungtikna sorangan lantaran panalungtik nyekel peran penting minangka pengamat penuh.

Instrumén panalungtikan téh mangrupa alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data. Pikeun ngumpulkeun data diperelukeun instrumén. Saluyu jeung téhnikna, alat atawa instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta kartu data.

Kartu data téh digunakeun pikeun nyaring data anu mangrupa téks tina novél barudak. Dina éta kartu data aya urutan alfabét, kecap atawa kalimah sarta ma’na, jeung unsur analisis ajén atikan karakter. Ieu di handap conto kartu datana.

A. Struktur Carita

Téma: Sosobatan

“‘Nya piraku teu sedih atuh, Nis, mun leungiteun babaturan mah. Komo ka Emod mah da balad ti keur SD kéméh, géus ngalaman suka dukana. (RKB 48/1)

B. Aspék Sosiologi

Status Sosial: Budak Pagawé Negeri

“Enya da Bapa Anis gé angger wé kabisana téh jadi pagawé negeri!” (RKBl/ 20/1)

C. Ajén Atikan Karakter:

Karakter olah raga jeung kinéstétik anu *bersahabat*

“...Tapi uing mah asa untung, boga babaturan siga maraméh. Uing jalma miskin, jaba beegug, sakola gé seuseut kabayar, tapi bisa sosobatan jeung nu baleunghat tur balageur deuih” (RKB/ 20/2)